



# REZIME BIDJÈ

YON PREZANTASYON WO NIVO SOU BIDJÈ  
LEKÒL PUBLIK NORWALK YO 2024-25

Moun ki prepare l:

**Sèvis Finans**

Lekòl Piblik Norwalk yo

Dat yo pibliye l

19.12.2023





# Deklarasyon Misyon an

Lekòl Piblik Norwalk yo bay yon edikasyon ki wo nivo epi ki ekitab yon fason pou TOUT elèv rive diplome alavni, pou yo pare pou yo pran responsabilite yo kòm sitwayen, pou yo angaje yo onivo mondal epi kontribye yon fason pozitif nan yon monn ki toujou ap chanje epi ki plen ak varyete.

## Konsèy Administrasyon Edikasyon

Diana Carpio (Prezidan Konsèy Administrasyon an)  
Sheri McCready-Pritchett (Vis Prezidan)  
Kara Nelson Baekey (Sekretè)  
Janine W. Randolph  
Colin Hosten  
Mary-Ellen Flaherty Ludwig  
Howard White  
Ashley Gulyas  
Samantha Pleasants

# Lis Sijè yo

<b>Mesaj Direktè Jeneral Nou an</b>	Paj 04
<b>Mesaj Direktè Finansye Nou an</b>	Paj 05
<b>Transparans Finansye</b>	Paj 06
<b>Pwosesis Bidjetè</b>	Paj 07
<b>Anplwaye ak Moun</b>	Paj 08
<b>Bidjè ak Anplwaye 2024-25</b>	Paj 09
<b>Apèsi sou Enskripsyon yo</b>	Paj 10
<b>Pwen Esansyèl sou Elèv yo</b>	Paj 12
<b>Pwojè Envestisman yo</b>	Paj 13
<b>Priyorite Bidjè yo</b>	Paj 14

# Mesaj Direktè Jeneral Nou an

Atenn objektif ki fikse nan priyrite estratejik nou yo:  
Direktris Jeneral Lekòl Norwalk yo, Doktè Alexandra Estrella



Lekòl Piblik Norwalk yo rive nan mitan pwogram Future Ready For All la: Plan Estratejik 2021-26, epi nou nan plen evalyasyon pwogrè ki fêt jiskaprezan pou reyalize totalman priyrite estratejik nou te etabli pou distri a, sa gen prèske twazan.

Avèk priyrite sa yo nan lespri nou, ekip mwen an avè m ap prezante bidjè fonksyonman direktè jeneral la pwopoze pou egzèsis fiskal 2024-25 lan ak entansyon pou demann sa a mennen nou pi pre reyalizasyon objektif nou yo epi pran dispozisyon ki nesesè pou egzekite priyrite estratejik yo.

Pwopozisyon sa a gen pou objektif kenbe menm nivo kalite sèvis ak ekselans elèv nou yo, anplwaye yo ak fanmi nou yo espere kounye a. Kontinye ak pwogram ki nesesè yo ak kenbe anplwaye yo gen anpil enpòtans.

An menm tan, nou bezwen rekonèt difikilte ki pa sou kontwòl nou tankou enflasyon ki afekte depans ki asosye ak asirans sante anplwaye yo ak fournisè ki pa nan distri yo. Epitou, nou dwe transfere plizyè pwen nan bidjè lokal la ki te fèk kouvri ak fon sekou federal COVID-19 la, ki te prevwa fini nan fen ane pwochèn, ak yon sèl konpansasyon \$2.5 milion dola majistra a te bay lè I sèvi ak fon ARPA vil la pou ekilibre bidjè egzèsis fiskal 2023-24 la.

Ekip mwen an avè m espere kontinye elabore bidjè fonksyonman ane fiskal 2024-25 lan ki pral pèmèt nou kontinye bay timoun Norwalk yo yon edikasyon wo nivo epi ki ekitab. Ansanm, nou dwe pran angajman pou nou envesti nan lekòl nou yo pou gen asirans elèv nou yo resevwa yon edikasyon wo nivo epi ki ekitab ki pral pèmèt yo diplome epi prepare pou demen.

**"Kontinye ak pwogram ki nesesè yo ak kenbe anplwaye yo gen anpil enpòtans."**



# Mesaj Direktè Finansye Nou an

Ki sa yon rezime bidjè ye?:

Lunda Asmani, Direktè Finansye Lekòl Piblik Norwalk yo, CPFO



Rezime Bidjè a se yon gid ki fèk kreye ki bay yon apèsi wo nivo sou bidjè lekòl la epi ki mete yon aksan espesifik sou elaborasyon bidjè 2024-25 lan pou Lekòl Piblik Norwalk yo.

Gid sa a gen pou objektif eksplike kijan finansman yo pral depanse epi ki enpak li pral genyen sou aprantisaj ak rezulta elèv Lekòl Piblik Norwalk yo. Li bay yon fòma ki fasil pou itilize epi yon gwo pati nan kominate a an jeneral prevwa itilize l.

Objektif la se fè konprann bidjè a epi asire gen transparans pou manm kominate a, yon fason pou yo ka met tèt ansanm pou patisipe nan elabore bidjè a ansanm ak priyorie ki enpòtan pou kominate a ak pou elèv yo. Gid sa a pral pèmèt moun yo patisipe nan deba ki avize sou chwa gouvenman lokal yo fè. Yon sistèm eskolè piblik itilize bidjè pa li pou dekri plan pwogram li yo pou ane pwochen.

Li se yon apèsi sou pwosesis bidjetè lekòl la epi li pral reponn kesyon ki vrèman enpòtan yo. Gid sa a pral bay done ki reyèl, li pral mete aksan sou rezulta yo jwenn atravè depans ki pase yo epi li pral egzamine domèn kote pwochen bidjè a pral reponn ak bezwen yo. Mete sou sa, gid sa a pral eksplike pwosesis bidjè a ak kijan Bidjè pou elèv yo fonksyone.

Epitou, gid la pral prezante konparezon ak lòt distri eskolè yo epi l ap prezante envestisman Vil Norwalk te fè nan batiman eskolè nou yo. Finalman, dokiman sa a pral egzamine priyorie prensipal ki jistifye demann bidjè a pou ane eskolè 2024-25 lan. Objektif Rezime Bidjè se mete finans piblik la an kontak ak lavi chak jou a, toutpandan n ap fè efò pou fè kominate nou an vin yon pi bon kote pou tout moun. Pou plis enfòmasyon, vizite sit entènèt bidjè rekonpanse a nan <https://bit.ly/476odtV>.

**"Gid sa a pral bay done reyèl, li ap mete aksan sou rezulta ki gen rapò ak depans ki pase yo epi li pral egzamine domèn kote pwochen bidjè a pral reponn ak bezwen yo."**



# Transparans Finansye

## NPS Resewwa Prim ASBO pou Prezantasyon Bidjè ki eksepsyonèl

Lekòl Piblik Norwalk yo kwè nan transparans finansye ak nan bay rapò ki eksepsyonèl epi yo fyè dèské yo resevwa, pou yon dezyèm ane youn dèyè lòt, Prim pou Bidjè ki Eksepsyonèl la (Meritorious Budget Award, MBA), se Asosyasyon Entènasyonal Responsab Lekòl yo ki te prezante li (Association of School Business Officials International, ASBO).

Yon fason pou yo ka resevwa prim bidjè a, dokiman Bidjetè Lekòl Piblik Norwalk la te dwe respekte kritè yo rekonèt nan nivo nasyonal pou yon prezantasyon bidjè efikas. Kritè yo fèt pou evalye kijan bidjè a se:


- yon dokiman estratejik
- yon plan finansye
- yon gid operasyonèl
- yon zouti komunikasyon




# Pwosesis Bidjetè

## Yon ti apèsi

Pwosesis elaborasyon bidjè anyèl la se yon pwosesis kolaborasyon ant aktè entèn ak aktè ekstèn yo. Li se yon reprezentasyon plan estratejik distri a asosye ak bezwen ansanm ak volonte kominote a.



# Anplwaye ak Moun



Wòl konsèy administrasyon an se defini misyon, vizyon, ak valè pou distri a; anboche yon direktè jeneral ki kapab epi ki kalifye; etabli règleman pou fonksyònman sistèm eskolè a; detèmine bezwen finansye yo ak itilize fon ki nesesè yo pou fonksyònman lekòl yo, ak anplwaye pèsonèl ki konpetan pou fè fonksyone yon distri eskolè yon fason ki efikas.


Administrasyon Edikasyon an anplwaye Direktè Jeneral Lekòl yo epi li konte sou Direktè Jeneral la ansam ak anplwaye yo pou yo bay enfòmasyon bidjetè ak fiskal ki egzat, enfòmasyon yo ka fè konfyans pou pran desizyon anrapò ak depans.

Elektè yo gen yon enpak final sou bidjè a paran elèv yo enplike sou toulede bò tab òganizasyon an, kòmanse ak vòt pou manm BOE yo epi fini ak patisipasyon yo nan gwoup kominate paran yo. Gwoup lokal sa yo bay opinyon sou bidjè chak lekòl, ki reprezante yon pati enpòtan nan bidjè global distri a.




# Bidjè 2024-25 ak Repatisyon Pèsonèl la

Repatisyon Pèsonèl Finansman Lokal ak Sibvansyon FTE yo (1,907)



Bidjè 2024-25 lan gen 1,907 Ekivalan Aplentan (Full Time Equivalent, FTE). FTE sa yo finanse pa mwayen plizyè sous ki gen ladan total fon lokal ak fon sibvansyon yo. 85% nan bidjè a te atribye pou sèvis nan salklas ki gen ladan sipò elèv, pwofesè, asistan pedagojik yo, lòt fòm sipò pedagojik ak sèvis sosyal ak sikolijk tankou travayè sosyal ak konseye yo.

97% nan FTE yo nan bidjè a sitiye dirèkteman nan lekòl yo ak nan travay ak elèv yo. Fon Jeneral la, yo rekonèt li tou sou non fon lokal la, gen ladan fonksyònman jeneral Konsèy Edikasyon an (BOE). Bidjè Direktè Jeneral la pwopoze pou Fon Jeneral la rive nan \$245.09 milyon dola pou 2024-25, sa ki reprezante 85% nan tout depans fonksyònman BOE a epi se Fon Jeneral Vil Norwalk la ki finanse l.



Yo rapòte fon Sibvansyon yo nan yon fon separé, epi yo pa gen ladan finansman kontribyab lokal yo. Sibvansyon yo gen ladan revni ki soti nan fon eta a, lokal ak prive epi yo reprezante yon estimasyon 13% nan tout depans fonksyònman BOE yo oswa \$36.85 milyon dola pou ane eskolè 2024-25 lan. Fon sibvansyon yo ede nan amelyore ak kreye pwogram ki pa finanse nan bidjè lokal la.

Estimasyon Bidjè Sèvis Alimantè pou egzèsis fikal 24-25 la se \$7.16 milyon dola oswa 2% nan tout depans fonksyònman BOE a pou ane eskolè 2024-25 lan. Fon pou repa eskolè a gen ladan tout revni ak depans fonksyònman ki asosye ak bay bonjan kalite manje, ki nourisan ak ba pri. Epitou, fon sa a resevwa revni atravè frè pou manje ak sibvansyon eta a ak gouvènman federal la, epi yo kalkile l chak ane.


# Apèsi sou Enskripsyón yo

11,500+  
Elèv nan 22  
Lekòl


1,200+  
Nouvo Elèv  
K-12

Elèv NPS yo pale  
plis pase 50 lang,  
yo soti nan plis  
pase 60 peyi  
diferan


## Istwa Enskripsyón ak Pwojeksyón



## Pousantaj ak Kantite MLL




## Prevalans SPED




# Apèsi sou Enskripsyon yo

Elèv ki Pale Plizyè Lang (Multilingual Learner, MLL).




Edikasyon Espesyalize (SPED)



Kantite total elèv ki enskri yo enfliyanse bidjè a. Men, sa ki pi enpòtan an, melanj ak konpozisyon elèv yo chak ane afekte depans bidjetè yo. Konpozisyon demografik elèv yo gen yon enfliyans dirèk sou bezwen elèv yo ansanm ak sou depans ki nesesè nan bidjè a.

Elèv yo benefisyé yon repa gratis oswa ak pri redui epi elèv ki nan Edikasyon Espesyal yo kontinye ap ogmante ane apre ane. Sa pa gen lontan, chanjman nan lwa yo te afekte elèv ki nan ansèyman espesyalize yo, ki te egzije pou sèvis yo kontinye apre 22yèm anivèsè nesans elèv la rive jis nan fen ane eskolè a. Epitou, elèv k ap aprann plizyè lang yo te atenn yon maksimòm ki enpòtan ane sa a ak nan dènye ane ki sot pase yo, ki ka gen pou konsekans fè planifikasyon pou plis enskripsiyo ak sèvis ki koresponn ak sa ki nesesè. Pandan Covid la, kantite enskripsiyo yo te rete estab. Nan dènye ane sa yo, nou remake tandans enskripsiyo yo ap retounen nan nivo yo te ye anvan-covid la, jan demograf ekstèn yo te prevwa sa a. Pwojeksyon enskripsiyo ki sot pase yo ak kantite reyèl elèv ki enskri kounye a pi konpatib avèk modèl enskripsiyo Norwalk alontèm yo.

Manje midi gratis ak pri redui



# Pwen Esansyèl sou Elèv yo

Teknik Atistik nan Lang Anglè DPI		
Vil	2022	2023
Eta	64,2	63,9
<b>Norwalk</b>	<b>60,3</b>	<b>59,4</b>
Stamford	60,4	58,5
Danbury	57,9	57,8
New Haven	51,3	50,8
Waterbury	64,2	50,7
Bridgeport	50,1	49,5
Hartford	48,3	47,4
New Britain	47,1	46,4

Mat DPI		
Vil	2022	2023
Eta	58,6	59,7
<b>Norwalk</b>	<b>54,9</b>	<b>55,4</b>
Stamford	54,3	54,4
Danbury	51,6	52,9
Waterbury	42,3	43,8
New Haven	42,0	43,0
Bridgeport	42,1	41,8
Hartford	41,5	41,8
New Britain	37,6	39,9

Syans DPI		
Vil	2022	2023
Eta	61,4	61,6
<b>Norwalk</b>	<b>56,4</b>	<b>56,7</b>
Stamford	57,3	56,0
Danbury	54,2	54,7
New Haven	46,7	46,6
Waterbury	47,1	46,6
Hartford	46,9	45,5
Bridgeport	45,5	45,4
New Britain	46,6	43,1

Yo itilize Endis Pèfòmans Distri a (District Performance Index, DPI) pou swiv tandans yo anrapò ak rezulta yo ki baze sou rezulta tès eta a. Yo kalkile DPI a selon matyè yo pou Konpetans nan Lang Anglè (English Language Arts, ELA), Matematik, ak Syans.


Sèvi ak pi gwo vil Connecticut yo kòm yon gwoup konparezon, endis pèfòmans Norwalk pou Anglè Konpetans nan Lang (ELA), Matematik ak Syans klase nan ranje #1.

Malgre Norwalk toujou gen pi gwo endis pèfòmans pase gwo vil yo, n ap kontinye fè efò pou n rive depase nivo jeneral eta yo.


Teknik Atistik nan Lang Anglè PTA		
Vil	2022	2023
Eta	60,4%	57,2%
<b>Norwalk</b>	<b>57,1%</b>	<b>55,3%</b>
Danbury	59,3%	55,2%
Stamford	56,6%	52,6%
New Haven	58,7%	52,1%
New Britain	53,6%	51,2%
Hartford	51,9%	50,8%
Waterbury	58,6%	50,6%
Bridgeport	60,5%	49,5%

Mat PTA		
Vil	2022	2023
Eta	65,2%	61,8%
<b>Norwalk</b>	<b>62,6%</b>	<b>60,1%</b>
Danbury	61,0%	57,2%
New Britain	55,0%	56,8%
Stamford	58,2%	56,4%
New Haven	59,7%	52,9%
Hartford	53,6%	52,1%
Waterbury	52,6%	51,9%
Bridgeport	56,6%	50,3%

# Pwojè Envestisman yo



Vil Norwalk la kontinye fè pwogrè nan objektif li a enstalyson amelyore. Dènyèman, yo te konplete twa pwojè lekòl ki genyen ladan ekpansyon an Ponus Middle School la [Lekòl Presegondè Ponus la] pou ajoute yon pi ba biling lekòl la pou 400 etidyan, yon Jefferson Elementary School [Lekòl Primè Jefferson an] ki eta-of-azitay la ak renove tankou nouvo, ak, plis resamman, nouvo Cranbury Elementary School la [Lekòl Primè Cranbury a] (Foto anba a). Norwalk ap planifye tou yon nouvo pwojè lekòl, Norwalk High School la [Lekòl Segondè Norwalk la]/P-TECH Norwalk la ak yon lekòl primè pou 680 etidyan nan South Norwalk, ki premye lekòl la nan katye istorik sa a nan plis pase 50 ane.



# Priyorite Bidjè yo

Priyorite bidjè pou 2024-25 yo asosye ak plan estratejik la ansanm ak objektif distri yo. Priyorite yo reflete kòmantè kominate a ak bezwen elèv yo. Epitou, priyorite yo gen ladan eleman ki pa negosyab, tankou manda eta a ak bay bonjan kalite sèvis lalwa egzije yo. Entansyon distri a se pou bay elèv yo bonjan kalite edikasyon epi ki ekitab, pou yo diplome epi prepare yo pou lavni, pou yo rive abòde divès kalite bezwen popilasyon an genyen.



## Moman lib pou pwofesè yo

Prèsk 85% nan bidjè a chak ane ale dirèkteman nan salklas yo ak nan sèvis eskolè elèv nou yo benefisyé epi nan bay sipò ak fanmi nou yo. Lekòl se yon aktivite sosyal e 97% nan Bidjè a rezèv pou salè ek avantaj sosyal yo, gwoup ki pi plis la se gwoup pwofèsè yo. Bidjè sa a prevwa ogmante tan planifikasyon ki nesesè pou pwofesè yo, sitou nan nivo lekòl primè, pou yo gen tan nesesè pou elabore ak aplike pi bon plan pedagojik pou elèv yo.

## Aprantisaj Sosyal ak Emosyonèl

Kòmantè nou plis tandem bò kote elèv nou yo ak fanmi yo gen rapò ak nesesite pou gen plis sipò nan domèn sante mantal nan lekòl nou yo. Lekòl Piblik Norwalk yo ap kontinye angaje yo nan bay yon aprantisaj sosyal ak emosyonèl nan tout nivo epi ogmante prezans ak efikasite pèsonèl sante mantal yo nan lekòl nou yo. Anpil nan pòs sa yo te deja finanse atravè sibvansyon ESSER la, ki fini kounye a. Yo konte pòs sa yo kounye a nan bidjè lokal la. Distri a menm prevwa pral gen plis bezwen nan sèvis sosyal parapò ak sa n ap finanse kounye a.





## Finansman Manje nan Lekòl

Fon sa a anglobe tout revni ak depans yo epi li fèt pou l vin yon fon k ap finanse tèt li. Sepandan, pandan plizyè ane ki sot pase yo, distri a te oblige transfere lajan pou kouvri defisi ki gen nan Sèvis Manje yo. Pandan pandemi an, yo te resevwa finansman nan men gouvènman federal la, se sa ki pèmèt fon sa a finanse tèt li. Pandan peryòd tan sa a, yo te pran yon desizyon pou chanje Plan Elijibilite Kominotè a oswa CEP, ki pèmèt tout elèv yo manje gratis. Pou ane eskolè 2024-25 lan, distri a prevwa yon defisi \$1.3 milyon dola akoz ranbousman yo te jwenn nan men eta a diminye. Menm defisi a ta ka rive si distri a pa t enskri nan CEP.

## Edikasyon Espesyal

Ogmantasyon nan kantite elèv nou genyen ki bezwen sèvis aprantisaj espesyalize, oswa ogmantasyon nan pousantaj prévalans la, te monte nan plis pase 15%. Kantite elèv ki benefisyé IDEA yo te ogmante an kantite ak an pousantaj pandan dènye deseni ki sot pase yo e li kontinye ap ogmante nan nivo nasyonal. Ogmantasyon sa a ansanm ak ogmantasyon nan frè eskolè andeyò distri a ansanm ak ogmantasyon nan manda eta a pa finanse yo, lakoz depans distri a vin pi plis. Nou kontinye ap konstate ogmantasyon pousantaj bò kote founisè nou genyen ki deyò distri a, nou konte sou yo pou bay elèv nou yo sèvis ki pa disponib nan Lekòl Piblik Norwalk yo. Mete sou sa, yon nouvo manda eta a pa finanse ki fèk ajoute nan lwa a, egzije distri a pou l fòme elèv yo apre 22yèm anivèsè nesans yo rive jis nan fen ane eskolè a, sa ki lakoz pa gen finansman nan sèvis adisyonèl pou elèv yo. Lekòl Piblik Norwalk yo gen obligasyon legal pou bay sèvis edikasyon espesyal sa yo pou reponn ak bezwen plan edikasyon endividiyèl (individual education plan, IEP) yon elèv, kit se nan distri a oswa atravè yon founisè ki deyò.



## Sibvansyon

Lekòl Piblik Norwalk yo gen yon finansman sibvansyon pèmanan ki estime a 36.85\$ milyon dola pou ane eskolè 2024-25 lan. Finansman sibvansyon yo reprezante 13% nan resous finansye total yo pou finanse bidjè fonksyònman an epi li mache ak kritè byen espesifik ki dwe respekte. Dènye prim sibvansyon yo gen ladan yon pwogram Syans Maritim an patenarya ak Maritime Aquarium. Epitou, distri a te gen ase chans pou l resevwa yon nouvo sibvansyon nan Pwogram Asistans Magnet School la (MSAP), ki te vo yon total \$15 milyon dola sou yon peryòd 5 ane. Sibvansyon sa a pral utilize pou kreye yon magnet school entèdistrik, ki se yon pwogram etid STEAM ki soti nan matènèl pou rive nan 12yèm ane nan P-TECH Norwalk, Ponus Ridge STEAM Academy, ak Kendall College and Career Academy. Yon pwen enpòtan pou sonje, yo bay sibvansyon yo pou amelyore pwogram ki deja egziste nan distri a oswa pou kreye nouvo pwogram ak objektif byen espesifik sibvansyon an defini. Sibvansyon yo pa ka ranplase depans yo, sa vle di fon yo pa ka transfere soti nan depans lokal yo pou ale nan nouvo fon sa yo yo fèk bay yo.



## Kontakte nou

---

📞 203-854-4000

✉️ communications@norwalkps.org

🌐 <https://www.norwalkps.org>